

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA-TAMA:

1 taoen	f 6,-	njoewoen ka-
1/2 "	f 3,-	
3 woelan	f 1,50	bajar roemijn.
Kénging mbajar saben woelman		

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja	f 36,-
1/2 "	f 18,65
1/4 "	9,75
1/8 "	f 5,25

Saladengipoen: saben 1 cm² f 0,03;

sekedik - kediropoen: f 1,50.

Kabar premili alit-alitan: f 1,-

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-san, oetawi dados lengganan, tepong rembag roemijn kalijan administratie.

MOEDA KATHOLIEK MATARAM MAWI MILAH-MILAH.

Nalar-nalaripoen.

Sdr. Harék ing Sw. Tm. No. 43 ("Ébahing Pamoeda") lan Sdr. Soerjosoemirat ing Sw. Tm. No. 44 ("Ébahing pemoeda") ngembé-embé Moeda Katholiek ing Mataram. Sdr. Soerjosoemirat — pamanggihipoen sdr. H. boten medal saking pamanggihipoen sdr. S.; dados sampon tjekek, manawi koela namoeng nanggapi sdr. S. — boten roedjoek, déné M.K. ing Mataram mawi milah-milah oetawi mbédak-bédakan, ngwontenaken afd. Studeerende lan afd. Werkenden; afd. Hollandsch Sprekenden lan afd. geen Holl. Sprekenden, enz. enz. Saking pamanggihipoen kados makaten poenika badé ngangélakan lampah. Ladjeng soeka papènget: tanah Djawi poenika bédé kalijan tanah Walandi. Poenika ndadosna panggalanipoen M. K. ing M.

Kalilana koela wonten ing riki tjawé-tjawé, ngatoeraken katerangan sakedik bab prakawis poenika.

Poen "Djaka Mataram" dédé Moderator-ing M. K. ing Mataram, dédé salah satoenggiling wargapangréh M. K.; nanging saged ngatoeraken kados ing ngandap poenika:

Sadérèngipoen M. K. ing Mataram nindakaken milah-milah kados makaten poenika, sampoen dipoenrembag ramé dedreg toer dangoe. Kemeleng rembag: jén saged, kapilah-pilah. Dados Moeda Katholiek ing Mataram anggènipoen nindakaken milah-milah poenika boten groesa-groesoe, boten kesesa, nanging medial saking rembag ingkang mateng. Amila boten prajogi, manawi ngrembag bab prakawis poenika malihi. Awit poenika nama ngéjeh-étjeh wekak.

Kadjawi — jén tradjang kados makaten poenika mila pantjén tjeta wéla-wéla lepat. Nanging poenika kados boten.

M. K. ing Mataram milah-milah makaten poenika perloeniopoeng anggampilaken lan njekétjakaken lampah. Terangipoen makaten.

Mitoeroet Statuten M. K. toedjoneipoen pakempalan M. K. poenika:

Andjoendoeng ném-némān pribomi Katoelik djaler ing babagan badan, boedi (seserepan), kasoesilan lan agaminipoen manoet wawatan Katoelik.

Lan Statutenipoen oegi netepaken, sinten ingkang kenging dados warga: Sadaja ném-némān pribomi Katoelik djaler, ingkang sampoen ngoemoer woloeng taoen minggah, nanging dérèng émah-émah.

Ing ngrikoe tjeta, jén M. K. njakoep golongan ageng sanget toer inggih pepak sanget.

Sadaja moerid sekolahane-sekolahan, wiwit saking Sekolahane Doe-soen ngantos doemoegi Universiteit pisan, kenging dados warga M. K., waton bangsa pribomi, Katoelik, djaler, sampoen ngoemoer 8 taoen minggah lan dérèng gadah sémah.

Kedjawi poenika sadaja ingkang sampoen oetawi dérèng njepeng damel poenapa kémawon; wedalan oetawi boten wedalan sekolahane; oegeripoen bangsa pribomi, djaler, Katoelik, sampoen ngoemoer 8 taoen minggah lan dérèng émah-émah, sadaja ké-gning mlebet ing M. K.

Dados M. K. isi ném-némān warni-warni, bédá-bédá ing oemoer, bédá-bédá ing kesagedan, bédá-bédá kabetahanipoen, enz. enz.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

ISINIPOEN.

Moeda Katholiek Mataram milah-milah — Horeging dijaman — Reraosan glota-glataé — Ratjikan — Ngadjengaken ekonomining bangsa — P.O.K.O.K. lan P.G.H.B. ing Kendal — Njambeti sadérek Harék — Goentingan pers — Film Djakarta — Pangandika dalam K. S. Bapa Pius X — Watjana manéka warna — Oerap-sari — Correspondentie.

Indenging donja wétanan. — Nanging bedja déné djawahipoen saweg tletik, tegesipoen: wadya ingkang pedja saweg watawis safoesan (saking Japan watawis satoes, saking wadya Tjina watawis satoes) ingkang tatoe watawis oegi samanten. Dados gremis kémawon dérèng.

Nanging wingi télegram martosaken jén Japan sampaen nata kapalkapal perangipoen. Lan wadya Japan ingkang wonten Mansjoerië sampaen 14.000.

Wadya samanten waoe dérèng sapintena jén ngéngerti bilih Djéndral Tjina wonten ingkang nglempakaken wadya ngantos 60.000 perloe kangé noempes kraman Mansjoerië ingkang mawi gendera gambar SINGA. Malah wadya 60.000 waoe badé kadadosaken 200.000. Mila leres atoer koela ing inggil jén répoeblik Tjina doemoegi sapoenika dérèng rampoeng.

Kala kalah taoen kapengker Pamaréntah Tjina pedot sesambetani poen kalijan Sovjet Roeslan, répoeblik ingkang djahanam poenika, margi soelaja prakawis margi-sepoer Asia-wétan.

Bab pedotong sambetan diplomatie Tjina-Sovjet poenika saged oegi poelih malih; mila lepat² tanah Tjina dados mangsaming taoe Léninisme.

Doenoenging prakawis makaten: Télegram Indo Pacific ing "Het Nieuws" martosaken bilih:

Minggoe kapengker sepi raméramé (ing Nanking), nanging dinten poenika wonten student 20.000 arak-arakan lan ngepoeng gedong pamaréntah nasional lan ngatoeraken serat panoewoenan ingkang wosipen wonten ingkang moengel: soepados damel atoeran mranata wadya miroenggan; soepados damel aksi manoenngal alandesan kansiasanal; pamaréntah sampaen ngantos rembagan pijambak kalijan Japan (dados lantaran Parepatan Bangsa kémawon) lan moelihna sambetani poen kalijan Sovjet.

Paneda ingkang poengkasan poenika pers wonten ingkang ngroe-djoeki . . .

Poenika télegram Indo-Pacific ingkang perloe. Dados moeda — Tinghoia milih: aloewoeng Lénin timbang Japan. Oetawi: roemaos kekes tanding kalijan Japan, ladjeng ngadjani Pamaréntahipoen soepados wawoh kalijan Roeslan.

Ambak-ambak paneda soepados roedjoek kalijan Roeslan poenika mbebasani sanget toemrap kita.

Awit sinten ta boten ènget sijani poen Roeslan.

Awit sinten ta boten ngertos galakipoen Roeslan?

Mila anéh jén Tjina éstoe ganéng kalijan Roeslan, lepat-lepat ngontjati bletok ladjeng katjemploeng ngegot.

Poenika lepatipoen "memanahan laré", kerep kebrangas ing hawa-napsoe.

Poenika waoe sadaja gloedoeg-gloedoeg lan geter ing ndjawi pradja; mangga sapoenika sami ngoengak kétél nasional ing nglebet pradja, mangga nilingaken gesangipoen groep-groep nasional ing Indonésia ngriki, kadospoendi tanggaping sa-toenggal lan satoenggalipoen.

Manga sami ngoengak kita Djarkarta roemijn.

Ngandap poenika schets tjejak lan pedes saking kétél nasional ing ngriki, para maos saged nilingaken pijambak-pijambak, lan sasampoenipoen maos sami keparengga ngagem piwoelang ingkang kakandoet ing schets ngrikoe; awit manawi aksi kita manoenggil tansah angsal roebéda kados tradjangipoen Abdool Rivai ingkang kléntoe lan nasar poenika, kabébér wonten koran

ngamantja, kita badé dangoe metikipoen woh nikmat ingkang pinanggih ing Indonésia — Raja. oetang, njaoer; njilih, mbalékaké.

Djawa Sarékat madeg, warga 40, oenderanipoen wonten Meester-Cornelis, sedyanipoen temtoe kémawon nggesang raos kedjawèn.

Poenika pantes dados manahan. Sepisan: lo, barisan Indonésia kok saja petjah. Kaping kalih: apa baja sababé maoe-maoené?

Para maos!!

Wonten Betawi tjiang Djawi ke-rep dipoen-pojoki si djawa; wonten Betawi kantja Djawi kerep dipoen wa-dani djawa kouwéq; wonten Betawi sadérek Djawi kerep dipensoraken srana temboeng: djawa pemadatan, makanannja ikan kering!

Lah poenika! prijantoen! sebabipon! Poenapa namoeng poenika tok? Temtoe boten. Nanging, jén koeping intelekt mireng makaten, temtoe ndjepiping.

Nanging, jén satrija Djawa keslomot temboeng makaten, temtoe moering.

Nanging jén prijantoen Djawi mranggoeli makaten, temtoe mrekitik.

Lah, poenika waoe dadaso piwoelang; poenika waoe dadaso obat; poenika waoe dadaso paseskén, jén: sinten madani kedah njanggi piwalesipoen; — sinten mojoki kedah poe-ron tamiwangsoelanipoon; — tje-kak: sapa oetang, njaoer; njilih, mba-lékaké.

Poenapa kita prajogi dados lid Djawa Sarékat? Boten! Poenapa kita wadijib roedjoek kalijan Djawa Sarékat? Boten! Awit B. O. sampon wonten.

Ingkang sampaen wonten kémawon kesotonganana, sampaen kekatahan kenéh-kenéh; tiwas memetjah kekijatan; — tiwas ngéjtéh-étjéh keda-jan; tiwas ngéjtér-étjér baoe, banda, sedya!

Mila wosipoen: adja seneng mojoki! Jén sing dipojoki neso, dadi ga-wé! Sanadjan koetoek, joetoon pisan, jén nglempak, saged damel gendra.

Mila: adja seneng mojoki.

Kantja Djawi, déné tatag!

Bab pasrawoengan.

Sebab poenapa golongan Djawi asring moering-moering.

Kadjawi asring dipoen wadani, oegi kerep dipoen-apoesi, dipoen-gorozi, dipoen-tampi lamis! Déning sinten?

Déning sadérek pijambak kada-tiang mantja, mboten poeroen kempal inlander!

Sementan anggepiopoen.

Sementan tanggapipoen.

A. tepang B. laré mantja; won-ten grija saé; sareng wonten margi B. étok-étok dérèng tepang! doeméh A. Djawi!

C. tepang D. anak Indonésia dédé Djawi. Sareng mlantjong, D. boten poeroen ngaken tepang C. margi C. Djawi! toer nalika semantán D. sareng mlampang kalijan H., laré mantja!

Sementan lamisipoen.

Sementan tanggapipoen.

Mila student Djawi asring gre-gecen boten poeroen ngamboes laré sanès kedjawi Djawi! Mondok inggih ing dalemipoen prijantoen Djawi, sanadjan papan radi soepog oetawi rebat tjekek.

Mila, kantja Djawi! tatag! mem-peng! barés . . .

Nah, prijantoen pirsa pijambak, ninggih poenika schets tjemplet, nanging njata lan asoeng piwoelang.

Poepoeng dérèng keladjeng, aksi "lamis" ingkang awon poenika kaitjalana. Poepoeng dérèng, aksi me-metjah kados aksinipoen Abdool Rivai poenika kamantoonana. Awit toedonipoen getir lan pait lan ngre-risak. Jén kita petjah, samangsa wonten bebaja ladjeng dados kotjar-katjir. Jén kita petjah, wonten sambé-

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabante

REDACTIE - COMMISSIE.

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij "Canistus" Djokja.

GOENTINGAN PERS

Reclame dédé limrahing reclame

Ngrebag prakawis serat kabar Indonésia, sadérek Saroehoem ing Warta Politiek tjiros:

Oplaagnja boleh dikatakan keba-jakan lebih banjak dari oplaag soerat kabar Belanda. Tjoema apa kakaorangan kita? Jaitoe reclame! (anggènipoen ngetjapéng kenging dipoenwastani ratjak² langkoeng katah tinimbang serat kabar Walandi. Namoeng poenapa kekiranngan kita? Inggris poenika n e n a w è k a c e n !)

Serat kabar Aksi mangsoeli ma-kanen:

Tapi bagi peroesahaan soerat kabar, kiranya djangan terlaloe menjalakan koerang reclamenja. Koran kita akan lebih madjoe kemoeka kalaun keinsjafan bangsa kita membatta koran soedah sedemikian besarna, dan kalaun procentage orang boeta toelisan semakin koerang! (nanging toemrap ngadani serat kabar, sampon ta sanget-sanget nglepataken kirangipoen anggènipoen nawékaken. Koran kita badé saja madjeng manawi bangsa kita sampaen katah mangertospoent dateng goenanipoen serat kabar sarta manawi preséning tjiang ingkang boten saged maos saja kirang).

Reclame (nawékaken) poenika ka-djengipoen poenapa ta? Soepados tetijang poeroen maos. Oep.: "Iki lo Sw. T. watjanen bandjoer ngebon!"

Lo, jén ingkang dipointawéni boten saged maos oetawi boten ngebon, djalaran kabetahan sanès taksih katah, poenapa inggih badé ngebon Swara Tama? Boten.

Dados ingkang perlöe kaoedi,

kadjaran keplintir. Jén kita petjah, manah boten leren nanging gimir.

Lah sadaja waoe sami kaengetana.

Poepoeng dèrèng keladjeng!

Aksi Nolens kaalem soendoel lanngit, oegi margi saged ngregem-oem Katoelik ing Néderlan.—Aksi Nolens tampi pangalembana, oegi margi saged „manoenggilaken”, boten ngotjar-atjiraken.—Aksi Nolens dados toelada, oegi margi saged ngroekoenaen, ngraketaen, boten memetjah kados Abdoel Rivai, ingkang lepat-lepat *Bintang Timoer** badé katoet kesawaban.

Mila tjlaka ingkang manahipoen ngandoet pepoenton badé metjah lan misah.

Héraclitos.

RERAOSAN GLOTA - GLATE.

Menawi koela pinoedjoe dolandolan dateng padoesoenan, asring mireng reraosanipoen poelisi doesoen (prabot doesoen) mekanen: „Saiki iki poelisi teka sebel temen menawa golék oeroesan babagan kapoelisén bab wong kemalingan, barang ilang lsp. Ora gangsar kaja dék taoen pitoelikoeran kaé, tjéntang - tjénteng oleh njina, prasasat angger „dakwa” mesti „ngakoén.”

Reraosanipoen sadérèk poelisi doesoen waoe boten namoeng samanten, nanging taksih wonten boentoetipoen ingkang anglawèr kados gènér sinéréd.... ingkang soeka boekti bilih toemindakipoen poelisi kala djaman semanten asring njimpang saking ngadil katal lèrégi poen dateng tindak sija, kerep niasat tijang tanpa dosa; mekanen reraosan ingkang koela pireng:

Jén tjara ndara.... roemijin poenika oepami nahan tijang, kadakwa mandoeng pangénnanipoen anoe, sanadjan dèrèng wonten sisik melikipoen temtoe kaoenjeran kémawon sakatogipoen; bédé kalian sapoenika, menawi boten wonten botamalipoen, inggih boten wani ngoenjeri, nrimah pados oeroesan sanès; dados mila njata, poelisi sapoenika poenika a-jeman, kirang keras.

Jén tjara roemijin: dakwa katahan sadinten sadaloe meksa dèrèng ngaken, poelisi inggih ngertos, menawi nahan tijang poenika kéngingipoen namoeng sadinten sadaloe, nanging ladjeng karéka tijang ingkang kadakwa waoe ladjeng kakintoenaken dateng kaloeran ngrika, jén wonten ngrika meksa boten ngaken, ladjeng kakintoenaken dateng kaloeran sanès sapitoeroetipoen. Mangé jén meksa boten ngaken ladjeng dipoen - pél. (ingkang kapoerih' na-kéni pélpelisi) dipoen antjum mawi gebag oetawi kepelan tangan, terkadang kalebetaken dateng kamar ladjeng dipointakéni pijambakan, pamrihipoen sanadjan kapisakita pisan sangang boten wonten ingkang njoemerepi.

Doemoegi semanten kémawon, koela waoe sampoen matoer, menawi boentoetipoen pandjang, mila oepami koeroeta sadaja mindak an-djoewaréhi. Déné bab sisib saha nasariopoen panindak ingkang kados reraosanipoen sadérèk waoe kados para maos boten kekilapan; mila saoepami sapoenika koela sadaja soemerep lelampaahan ingkang kados mekanen poenapa ladjeng boten tjawé???

Andjawi poenika menawi ngéngerti tetijang ingkang sami kadigoelaken poenika boten sadaja kalepatan, mila dakwa-dakwa ingkang sampoen naté ngraosaken boeh kepel, sekoel abrit, dèrèng nemtokaken manawi kalepatan saéstoe, andjawi poenika sakatah - katahing tijang wonten ingkang karem neda roeba saha nindakken sraja.... Stop!

Taklim koela poen: *Ananging.*

RATJIKAN.

Djawah protest.

Sagedagan poenika serat - serat kabar ramé-sami ngewrat pawartos

*) Bab poenika danjang ing S. K. kiai Hercules sampoen njempét, margi „Sedyatama” boten klebet ing notesipoen pak Harabap. H.

FILM DJAKARTA.

Bab te huur lan uitverkoop tem-toe kémawon boten perloe koela atoeraken. Bab poenika sampoen mratah, dados boten perloe dipoen-ambal - ambali.

Gandengan kalian bab *tjoro* kados ngendikanipoen sadérèk *Déwaprata* ing S. K., menawi tjara koela gampil kémawon: dipoen-padosi lengipoen ladjeng dipoen-FLIT! mangé ndalem $\frac{2}{3}$ sekun poen *tjoro* temtoe dados batang.

Oetawi, jén sadérèk *Déwaprata* boten ketjongkah nandangi *tjoro* waoe, Tom sagah ngéntasaken ngantos sirna goesis tanpa lari, sadérèk *Déwaprata* kénging pratéla dateng Tom poendi doenoenging leng *tjoro* - awon waoe.

Ewasamanten, ambak-ambak pra-

bilih ing ngrika - ngrika sami ngawontenaken protest, kadosta; protest soeden blandja, protest Aniem. La, bénching poenapa badé wonten protesi soeden séwan grija? Antilintah darat sampoen wonten, ingkang doemoenoeng wonten kita Bandoeng. Semarang saha ing Soerabaia, ingkang poenika poenapa boten prajogi dipoenwonteni anti huurkoop pisan? Kinten koela poenrapoem mbadjeng Iboe Indonesia oegi sampoen anggalih bab poenika, awit menawi nitik glagadipoen, mendoenging protest boten badé lepat doemoegi séwan grija saha huurkoop. Sebab kalih - kalihipoen poenika badé damel awrat pikolan-ning kaeom berah bangsa tengahan, ingkang kataman koerdaning overcompleet saha malaise woede.

Ing ngrika ladjeng nama adil, boten emban tjindé emban siladan, manawi regining tetedan crisis, bajar soeda, poenapa séwan grija taksih tetep? Langkoeng - langkoeng ing kita alit - alit, ladjeng semaoenja oetean eigenaar sendiri; maoe ja sepoeloeh tidak maoe ja soeda.

Huurkoop prajogi sanget dipoenanti, kedjawi andamel kaberatan-ipoen kawoela oegi badé damel sisahipoen, toer bokmanawi ladjeng njangking dateng overcompleet oetawi ontslag djalaran sami mlebet hotel prodéo, margi boten saged ambajar samboetanipoen.

Poenapa boten pantes karembag lan dipointandangi? Mangga gék tjak tjak! Sampoen ngantos kétjalan wekdal!

Sasakit kantong.

Rikala sdr. Soebardi medar sabda wonten parepatan oemoem P.I. tjabang Madioen ddo. 19-10-31 wonten Madioen kirang langkoeng makaten:

„Keadaan economie bangsa kita menjadi korat - karit dan mlarat, sebab kita orang misi soeka sama pemboros; misalnya: slameten, soembangan, djoedi dan drom - droman.” Tetemboengan 4 prakawis kasebat nginggil kangé kita matoek sanget, dados boten namoeng tijang R.K., M.D. kémawon ingkang boten dojan slameten nanging pergerakan P.I. oegi ngroemaosi bilih slameten poenika boten wonten ginanipoen, nanging malah mbeborosi. Gék mbéndjing poenapa adat waoe saged sira babar pisan?

Soembangan poenika kangé kita djaman samangké pantjén dados ama kantong saéstoe, saged natjah kantong mrika - mriki, djalaran ingkang njoembang ladjeng gadah wenang nagih, inggih poenika bénching manawi gentos gadah damel.

Boten maiben manawi wonten tijang sandjang dateng koela, anoe wong Soeta anggoné doevel gawé ramé - ramé ngantirong bengi, bareng boebar gawé djeboel ngopahi wijaga baé ora bisa. Tjobi sadérek, poenapa boten mesakaken. Margi saking poenapa? Kados boten wonten kawoela kétjawi kénging sesakit mlését.

Saoepami, nanging boten éstoë lo, tijang mantoe manawi tajoeban, hanggap ringgit, oetawi klenengan mawon dipointarik padjeg temtoe boten badé kelampah ngrika - ngrika gantoeng gong ngéngerti djaman awis arta katik manteoe baé ditarik padjeg, ladjeng tjakp tjalimén.

Mainan (djoedi) kedah ingkang stréng saéstoe, haroes pake idin, zonder idin taoe sendiri. Kinten koela ladjeng tentrem.

Sanès dinten badé kasambet.

BLAWONG.

ÉKONOMI.

NGADJENGAKEN ÉCONOMIE-NING BANGSA.

Kados para maos sampoen midangit sadaja, bilih Mahatma Gandhi nalika woelan Sèptember kapengker poenika dateng ing Engeland. Djer kabar poenika, ing serat-serat kabar katal ingkang ngemot. Pramila ing ngrika boten perloe koela atoeraken, kados - poendi bab panganggénipoen

*) Mrs. Slade alias Mary Bay, poenika satoenggiling panitrianoen Mahatma Gandhi, lan ingkang sampoen angsal palilah saking Mahatma Gandhi, martosaken wonten ing serat-serat kabar, poenapa ingkang dados toedjoenipoen dateng Engeland.

kawis kados makaten poenika langkoeng saé jén karingkes, boten medal ing koran, dados kita boten mbéber tjetjad kita pijambak.

Mgr. Nolens kesoewoer wignja, oegi saged ngringkes oedoer-oedoer ing kalangan pijambak, boten ngantos kawentar ing sadjawining wewengkon. Kados poendi rama Redaktor, ngélmé mekanen poenapa boten njata ngélmé leres, aloes lan lohoe? Moegi keparenga paring noot sadoelit kémawon bab poenika, *)

*) Note. Bab poenika kita nginggih kanti mantep. Boten saben prekawis kénging oetawi pantes karembag wonten koran. Prekawis nglebet grija prajogipoen karembaga pijambakan kémawon, sanadjan dédè rembag bab salah-satoenggiling tjetjad: sak tek-klowering balé grija poenika rak inggih boten prajogi kaedéng-aken dateng sadaja tijang langkoeng.

Red.

Mahatma Gandhi; bab nalika dateng ing plaboehan Marseille dipoen-kroebong déning para journalisten, photographen; bab anggénipoen manggihi para studenten, anggénipoen dipoenkoermati lan saladjengipoen. Namoeng ing riki ingkang badé koela atoeraken toedjoenipoen Mahatma Gandhi anggénipoen dateng Engeland ingkang gagajoetan kalijan economie (mitoeroet saking verslag-ipoen Mrs. Slade alias Mary Bay*) ingkang sampoen kapetik wonten *De Standaard* soepados dados panggalihan, i. p.:

Mahatma Gandhi anggénipoen dateng Engeland (Londen) badé nedea soepados dadamelan kangé kawoela ing India Inggris kedah dipoenadjengaken. Sabab bab poenika ingkang dadas toeking karahadjengan saha katjekapan.

Man wonten ing rikoe badé tjarjios dateng kawoela Inggris langkoeng langkoeng kaeom berah, ingkang katal ing tembe badé toemoet ngrasaken. Kangé wonten ing padamelan ing India Inggris.

Mitoeroet verslag ingkang makaten waoe, katjeta sanget bilih Mahatma Gandhi boten namoeng nengenaken dateng kapolitiek-an kémawon, nanging oegi nengenaken dateng kaeconomie-an ing babagan dadamelan, niwerheid, toemrap kawoela India Inggris.

Adjenging economie ing babagan dadamelan mila tansah dados sekar lambé kangé sawenéhing para ahngéreph pradja lan econoom. Djer dadamelan makaten dados toeking karahadjengan saha katjekapaning kawoela, ingkang ing kawoesanani-poen saged adamel tentreming parngépradja.

Manoet pamanggih lan tradjangipoen tw. Antonio Serra, satoenggiling econoom ing abad 17, lan ingkang ngantos doemoegining titi mangsa poenika dipoenwastani: *Mercantilestsel*, anggénipoen ngoedi dateng karahadjenganing kawoela Frankrij lan ngoedi dateng ka-

lalajan Inggris (scheepvaart) nanging ngéngingi lalajan Nederland.

Mitoeroet toelada-toelada poenika waoe, kados ingkang sampoen koela atoeraken ing nginggil, tjeta sanget, jén kamadjenganing economie ing babagan dadamelan kangé kawoela, mila perloe sanget kagélah. Lan katjeta oegi bilih babagan dadamelan makaten kedah gandéng kalian dadagangan.

Dados: dadamelan lan dadagangan kedah loemampah sasarengan. Oepami: namoeng saged damel kémawon, nanging bab lampah saha kawoeh dagang tjoentel, boten ngeratos, ing ngrikoe tertamoe boten badé andajani poenapa - poenapa.

Nanging kémawon kedah dipoenalih oegi, bilih wontening dadamelan boten badé saged nandeg kacatahen, (in overvloed), lan wontening dadagangan saged sempoeloer, laris, kedah dipoenojakaken djaman. Liripoen: njedijani ingkang dadé kabetahan saha ingkang dipoenremeni kangé ingkang badé toembas.

Sampoen samanten kémawon roemijin. Lan saking pangadjeng-adjeng koela, soepados para gegembong kita Katholieke ladjeng sami karsaa mangalih dateng adjenging dadamelan lan dadagangan, ingkang ndjamani.

Widjantá.

PANGANDIKA DALEM I.S.K.
SANTO BAPA PIUS X.

I. Pakempalan ingkang gadah dedasar Katoelik poenika kapi-lia roemijin.

a). Sanadjan pakempalaning kaem-berah poenika toedjoenipoen ngadjengaken warganipoen ing ba-bagan djasmani, éwa samanten ingkang langkoeng prajogi sarta tjoendoek kalian karahajonging para warga namoeng pakempalan ingkang gadah dedasar Katoelik sarta ingkang manoet panoentoening Pasamoewan Soetji tanpa tédèng aling-aling. Poetoesan kados makaten poenika sampoen kerep koela gelarak saben-saben bangsa saking poendi kémawon neda poetoesan. Djalaran saking poenika, pakempalan ingkang gadah dedasar Katoelik kedah kaedegaken wonten ing tanah Katoelik, sarta oegi ing poendi - poendi pangénan, manawi margi ngadegaken pakempalan waoe, para warga saged kapitoeloengan. Mila boten prajogi sanget — samanten poenika samangsa ngrembag pakempalan ingkang teroesan oetawi boten teroesan anggénipoen ngge-pok agami oetawi babagan kasoe-silan — manawi ing pangénan ingkang koela seboetaken ing nginggil, pakempalan tjampoeran ingkang warganipoen Katoelik lan dédè Katoelik, dipoenbijantoe sarta dipoen-wradinaken. Djer kadjawi wonten alangan sanès ingkang boten koela tjarjiosaken ing ngrika, pakempalan tjampoeran kados makaten poenika moefawatosi toemrap moernining pangandelen sarta pambangoentoeroet dateng angger-anger sarta pranataning Pasamoewan Soetji.

II. Sesarengan njamboetdamel kalian pakempalan dédè Katoelik kenging kémawon, nanging sasaged - saged adedasar fede-ratie.

b). Koela ngalem sanget dateng wontenipoen pakempalan kaeom berah (ing Duitsland) ingkang gadah dédè Katoelik. Koela ngadeng-adjeng sagedipoen saja djembar tebanipoen. Ingkang makaten poenika boten ateges jén koela ngawi si njamboetdamel sasarengan kalian golongan dédè Katoelik, amrih langkoeng inggil dradjading kaeom berah oetawi margi sabab sanès ingkang migoenani, anggeripoen kémawon boten kirang ing pangas-atos. Nanging sasaged - saged mawia dedasar federatie asaraning ingkang dipoenwastani Kartell.

(Encycliek „Singulär Quidam“).

sematjam itoe.

b. menjampaikan motie ini kepada Dep. O. en E., Begrootingscommissie, Volksraad, V.B. P.G.H.B. dan pers.

c. Sd. dr. Koesoema Soedjana, pangarsa P.O.K.O.K. ndoréngaken bab malaise. Moela boekanipoen lan kadosanipoen ingkang katradjang malaise. Ngéngeti wontenipoen soedan blandja wiwit f 20 langkoeng, kadospoendi bab séwan grija kangé kita Knld. Rembag poenika moejeg sanget. Wasana poetoesaning parepatan, soepados para njewa grija sesarengan rembagan pijambak-pi-jambak neda soedan séwan kalian ingkang gadah grija séwan, lan pangréh P.O.K.O.K. badé ngatoerakan serat-serat bab poenika dateng Regentschap.

Parepatan kabikak djam 8 ka-toetoep djam 11.30 daloe kanti wi-loedjeng.

Soerjosoemirat.

NJAMBETI SADÉRÈK HARÈK. *

Poenapa kirang kétjap lan tjokak?

„La, mbok manawa iki kang bisa mbéngkas reribeding pikirkoe. Wis pitang-pirang sasi enggoné semo-pel atikoe; pikirkoe tak olak-alik al-

*) Margi karangan poenika datengipoeno radi loengsé, dados saweg saged kapatjakjaing sapoenika. Red.

Kaping tiga, para bestuuring pakempalan - pakempalan kita boten kenging léna, gampil kesoepénan lan kirang djatmika.

Kaping sekawan, jén wonten warga lepat, kaemonga roemijin, katoewénan griganipoen, sampoen ladjeng kesesa kasendoe lan kasingkang-singkang, dados para bes-tuurst kedah ambeg mbapa.

Kaping gangsal, bab kabetahan, jén saged bestuurst kepara ngawon, inggih ngawon baoe lan banda miyah tindak.

Kanem, ing salebetung nindak-aken kabestiran njoepéknra prakawis sanés, prakawis ngrirja, patépangan lss. Lan mila sampoen wadib bilih penningmeester lan secretaris kedah gadah ljs namaning para warga kanti djangkep, boten perdoeli dja-loe oetawi wanita. Mila lepat jén wonten warga oetawi warga pangréh

nganti sapréné kok meksa ora bisa nemoë-nemoë batangané. Apa ja iki tjabé lempoejangé kango sadoeloerkoe nom-noman ing Semarang. Sokoerta manawa ana sadoeloer sing bisa nemoë djamoené. Wong larané rada anéh! Lembék lan loemoech. Wah nggegirisi. Ja moem-poeng doeroeng kasép." Makaten ébahing pikiran koela, sareng wiwit maos andaranipoen sadérèk Harèk. Nanging sareng sampoenoeng kok roemaos kirang marém. Poenapa kirang kétjap lan tjokak, koela boten waged matoer. Koela pijambak inggih plontjo Semarang. Oegi katoelaran sesakit waoe. Koela koewagang. Wontenipoen namoeng djoedeg. (Ing sanès panggénan kados poendi?).

Sampoen mestinipoen, manawi ing Semarang dipoenwonteni pakempalanipoen para ném-némman Katholieck, awit para sadérèk pantji betah sajekto. Nanging inggih pakempalan ingkang goematak kanggé para ném-némman. Pakempalan ingkang saged ngojog-ojog, nggoegah, noentoen para ném-némman. (mBok manawi sanès panggénan oegi betah). Pakempalan waoe kedah ingkang timbang kalijan kawontenanipoen. Tegekipoen, ingkang njekapi kabetahanipoen para ném-némman, soepados dadosa voorbereiding kanggé gesangipoen ingkang taksih linam-pahan. Kadosta: oelah raga, kaprigelan, muziek, parepatan-parepatan ingkang saged angindakan tresna dateng Pangéran sasekabat, tresna dateng tanah woetabrah, parepatan ingkang saged nedahaken wadib, lan ingkang nenoentoen dateng ka-oetamén, ingkang karakter vormend saestoe. Awit para ném-némman poenika taksih betah penoentoen; lan ingkang dipoen-gladi boten namoeng boedinipoen kémawon, watac inggih bélé kedah kagladi. Badanipoen oegi boten kenging kantoon. Kalilana matoer, para sadérèk: Padvinderij (scouting) alias kependoean, ingkang ngantos sa-priki dipoenanggep rémeh, dipoenanggep pakempalanipoen laré alit déning sadérèk katah, margi dèrèng sami ngertos azas-azasipoen, poenika satoenggiling pakempalan ingkang njakoep kabetahanipoen poenika waoe sadaja.

Recept²

ER
ERCEE
E

APOTHEKEN

Rathkamp
& Co.

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poethi dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST : AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelā f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnya : klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk : ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :
Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. NO. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

AWAS!

Regi mirah ing ngandap poenika :
Loodmenie, moerni tanpa ketjampoeran poenapa-poenapa,
kantoeing ngoesaraken kēmawon :

Netto	10	5	$2\frac{1}{2}$	1	$\frac{1}{2}$	kilo.
sa-blèg	6,—	3,20	1,75	0,75	0,40	roepijah.

Ijzermenie 85% ijzeroxijde

Netto	10	5	$2\frac{1}{2}$	1	$\frac{1}{2}$	kilo.
sa-blèg	5,—	2,70	1,50	0,65	0,35	roepijah.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.

:- HOEKHUIS GONDHOMANAN — SAJIDAN :-

Sampoen kasedijakaken
Papan pondokan kanggé
laré èstri ingkang sekolah.

Sinaoenipoen dipoenelat - oelataken
sarta dipointoentoen.

Wragad mondok lan neda:

f 15.—

HARDJADININGRAT.

GOENOENG - KETOER, PAKOEALAMAN,
NGAJOGJAKARTA.

damelanipoen pijambak, awit jén
makaten boten sandé badé kados
babadiopen batikan.

Damel saboen.

Ing Sri Poestaka no. 8 October
inggih poenika lampiran Pandji Poestaka no. 84 (20 October 1931) wonten
karanganipoen Ir. Darmawan
Mangoenkoesoema „pemimpin jang
ringkas oentoek memboeat saboen
tjoetji.“ Toemrap ingkang sampoen
maos karangan bab damel saboen
ing Swara-tama, karanganipoen Ir.
Darmawan Mangoenkoesoema waoe
minangka tambahan. Koetjiwa déné
ing ngrikoe namoeng ngrembag
saboen kanggé nggirahi. Saboen wa-
ngi boten karem bag. Moegi-moegi
Ir. Mangoenkoesoema kerepa nge-
dalaken karangan bangsanipoen poe-
nika, ingkang damel madjenging
ra'at.

R. K. M. U. L. O. ing Bandoeng
binerkahan.

Rikala Ngahad 1 November R. K.
Mulo ing Bandoeng kaberkahan dé-
ning Rama Goumans. Ingkang sami
rawoeh ing ngrikoe kadosta: Rama
Superior A. van Kalken S. J., Rama
Major Fleerackers, Broeder Vicarius
saking Soerabaja sarta Broeder Over-
ste saking Betawi, ladjeng warga
Raad kawoela, pangarsa I. K. P.
toewin K. S. B. dalasan njonjai-
poen. Toewan Architect Estourgie
sarta toewan uitvoerder Koop-
mans oegi wonten ing ngrikoe. Sa-
bakdanipoen Rama Goumans seso-
rah, para tamoe ladjeng sami mirsani
gedong pamoelangan ingkang tjar-
Ingrisipoen up-to-date (kempling).

MANTJA NAGARI.

VATICAAAN.

Mussolini dateng Vaticaan. Roe-
mijn sampoen naté dipoenwartosa-
ken, bilih Mussolini badé dateng
Vaticaan. Kabar poenika satléraman
anggoemoenaen. Ladjeng wonten
kabar, bilih boten sijos. Nanging
kabar poenika dipendorakaken ing
Vaticaan. Lan bénđing poenapa ke-
lampahanipoen, dérèng wonten ka-
bar ingkang goematoek.

Kénging ngrangkep dados war-
ga parté fascist lan warga Aksi
Katoelik. Roemijn parté fascist sam-
poen anggijarakken beslit, jén warga
Aksi Katoelik boten kénging ngrang-
kep dados warga parté fascist. Sa-
king sogokanipoen Mussolini beslit
poenika sapoenika sampoen katja-
boek.

Bakda bedamén Mussolini kalijan
Vaticaan ingkang kantoeing kantoeing
pijambak poenika „Oss. Rom.“ sa-
nalika ladjeng tjiros, jén ngrangkep
dipoenkegingaken. Nanging poenika
saking péhak fascist kala saman-
ten dérèng dipoenaken opisijil.

Ingkang Em. Kardinal Segura.
Para maos mesti taksih émoet, bilih
Kangdjeng Kardinal Segura, nalika
revolutie ing Sepanjol saweg moe-
bal-moebalipoen, teresah boten kan-

AWAS!!

Regi mirah ing ngandap poenika :

Loodmenie, moerni tanpa ketjampoeran poenapa-poenapa,
kantoeing ngoesaraken kēmawon :

Netto	10	5	$2\frac{1}{2}$	1	$\frac{1}{2}$	kilo.
sa-blèg	6,—	3,20	1,75	0,75	0,40	roepijah.

Ijzermenie 85% ijzeroxijde

Netto	10	5	$2\frac{1}{2}$	1	$\frac{1}{2}$	kilo.
sa-blèg	5,—	2,70	1,50	0,65	0,35	roepijah.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.

:- HOEKHUIS GONDHOMANAN — SAJIDAN :-

TOKO DJOEN & CO.

TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan,
wiwit sapoenika kita ngwontenaken persénan.
Sabien kantongan boeboek saking Djoen wonten
COUPON MAWI REGI.

Snana nglempakken
kantongan dalasan couponipoen,
para lengganan bade angsal pépénginanipoen.
Mangga énggal njobi moendoet!

Kita sedia :

JAVA KOFFIE No. 1	sa-pond	f 1.—
ROBUSTA "	1	0.80
" "	2	0.70

Tanggel tanpa tjampoeran.
Jén badé njatakaken sadérèngipoen kopie mlebet
ing gilingan, kēnging.

Atoer hoermat,

Toko Djoen & Co.

NEDERLAND.

Heilig-Land-Stichting. Ing sa-
telaking kita Nijmegen wonten
panggènan ingkang dipoenisèni teti-
ronipoen patilasan-patilasan soetji

ing Palèstina, kadosta: goewa wijos-
anipoen Goesti Jésoes, Pasaréan-
ipoen, Redi papan mékrad Dalem,
Dalem ing Nazareth Iss. Malah
ing rikoe oegi wonten tetironipoen
poenapa-poena ingkang gagaojet-
an kalijan babad soetji, kadosta:
grija mota djamanipoen Abraham,
grija pasipengan djamanipoen Goesti
Jésoes mijos; bekakas grija ing dja-
man roemijin, pirantos-pirantos Iss.
Tiron-tironan waoe boten alit-alitan,
nanging agengipoen inggih ngém-
peri kados ingkang toelén. Malah
wonten ingkang wedalan saking Pa-
lèstina pijambak. Amila panggènan
waoe inggih boten aot, nanging wijar
sanget. La, jejasan poenika ingkang
dipoenwastani „Heilig-Land-Stich-
ting“ (Stichting - Tanah - Soetji).

Katah sanget ingkang sami ningali
mrirkoe, boten namoeng saking tlatuh
Nederland tok, saking tanah sanés
inggih katah. Mila kanggé tjiang
ingkang boten saged dateng tanah

Palèstina pijambak lan boten saged
ngénta-énta kados poendi, kanggé oe-
pami, woedjoedipoen motanipoen A-
braham Iss, „Heilig-Land-Stichting“

poenika njenengaken sanget. Ingkang
poenika ing rikoe asring dipoen-
wonteni cursus Bijbel. (aanschou-
welik onderwijs). Lan malih „Hei-
lig-Land-Stichting“ waoe wonten
ingkang tengga: pastoeran, lan pas-
toeran waoe oegi ngladosi tjiang Ka-

toelik ing sakwa-tengenipoen (paro-
chie); grédjaniopoen klebet ageng. Ka-
dos ing riki sampoen boten soesah
koela tjetakaken malih, jén sadaja
waoe ijasanipoen R.K. Déné ingkang
kénging ningali poenika boten pi-
lih-pilih. Tjatjahing tjiang ningali
kala woelan Agoestoes '31: kirang
langkoeng 20.000; woelan Séptember
'31: kl. 5.000. Katanding kalijan ta-

oen kapengker tjatjahing tjiang ni-
ngali saweg doemoegi wiwitinan
woelan Oktober kēmawon taoen sa-
poenika sampoen menang kl. 1.500.

OOSTENRIJK.

Grédjaniopoen kating tosan ing dalem
5 minggoe rampoeng. Oostenrijk
prekawis arta inggih saweg korat-
karit, nanging krekad lan kawante-
raniopoendérèng itjal. Ngelar kita
tjara modern poenika ing Oostenrijk
boten nama langka, temte kēmawon
mawi ngoedi iridipoen. Oostenrijk
boten adjrih damel ada-ada énggal.
„Reichspost“ martosaken bilih tja-
ket kalijan kita Weenen sampoen
dipoenadegaken grédjaniopoendérèng
tosan. Tjagak-tjagak Iss. sadaja roemijini-
poen dipointitak wonten ing pabrik.
Lan pengrakitiopoen ing dalem 5 ming-
goe rampoeng. Grédjaniopoendérèng
mawi insinjoer-insinjoer Weenen,
lan tjaping tosan saking „Wiener
Eisenbahn A. G.“ Déné ingkang
gadah Rama-rama Karmelieten.

TIONGKOK — DJEPANG.

Dérèng loedang, lan badé loe-
ding tanpa perang?

Doemoegi sapoenika dérèng won-
ten kabar ingkang martosaken loe-
dangipoen pasoelajan Tiongkok
kalijan Djepang. Kawontenaniopoen
taksih retoe, resah.

Wonten pamanggih, bilih pasoel-
ajan poenika boten namoengngéngéng-
gengi Tiongkok lan Djepang, nanging oegi
sadona. Poenika wonten èmperipoen.

Verloofd:

P. M. SOERADJIJEM
met

F. S. DARJASOESASTRA

Soerakarta.

FIRMA - MERDEKA
WÉTAN STATION NGABÉAN —
DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekakas roemah:
tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi,
semoea bikinan dari Indonesia betoel,
barang baik harga pantas,
dan bisa beli dengan
huurkoop.

Djoega sedia toekang boeat bikin betoel bultzak bi-
sa didatengkan dimana tempat dan sedia
kain dari rami dan lain-lainna

Hormat Saia

Eigenaar : R. A. SASTRODIHARDJO.

ZWEDEN.
R.K. ing Zweden. Kradjan Zwe-
den djembaripoen kirang langkoeng
tikel tiganipoen tanah Djawi; tja-
tjah dijwanipoen langkoeng saking
6.000.000. Ingkang katah sami pro-
testant, ingkang Katoelik kl. namoeng
34.000. Tjiang Katoelik semanten
poenika soemebar ing poendi-poeni-
di lan moedjoedakan namoeng sa-
Vicariaat; missie-staties wonten 10,
mangka pating plentjat; Imamipoen
namoeng wonten 19 (Wereldgeest-
lijken: 6, Benedictijn: 1, Imam Tyas
Dalem Maha Soetji 6, lan Imam
Jésoewit: 6); Grédjaniopoen: 8 (ing-
kang ageng pijambak saged ngewrat
tjiang 300); kapèl 15 (ingkang katah
namoeng kamar séwan); seko-
lahan 4; Soester: 94; grija - sakit: 1
(isi 24 patileman). Ingkang dados
Vicarius: Ingkang Exc. Mgr. Dr. J.
Müller, ingkang ing woelan kapeng-
ker poenika saweg wonten ing
Nederland perloe moendoet toeloeng
kanggé missienipoen.